"**Адыгейский Новый год**"

Темэр: *«**Адыгэмэ** илъэсыкlэр зэрагъэмэфэкlыщтыгъэр»*.

Мурадхэмрэ пшъэрылъхэмрэ:

1.**адыгэ** лъэпкъым илъэсыкlэм зэрэпэгъокlыщтыгъэхэм нэlуасэ фэшlыгъэнхэр;

2.сабыйхэм ягулъытэ хэгъэхъоныгъэр, **адыгабзэр** зэрашlэным фэгъэчэфыгъэнхэр.

Илъэсык1эр анахь мэфэк1 чэфэу, мэфэк1 бэрчэтэу пчъэ1ум къы1ухьэрэмэ ащыщ. Гъэтхапэм и-21, гъэмрэ кlымрэ ыщызэхэкlырэ мафэм адыгэхэм илъэсыкlэ хагъэунэфыкlыщтыгъэ. Ижъырэ лъэхъаным щэгъэжьагъэу чэщымрэ мафэмрэ якlыхьагъэ зэфэдиз зыщыхъурэ уахътэм непи мэхьанэшхо раты ыкIи къыхагъэщы.А мафэм адыгэхэр зэфэгушlо ыкlи къихьэрэ гъэр гъэбэжъу зэкlэми афэхъунэу зэфэлъаlox!

Илъэсык1эм **адыгэхэм** хьамшк1унт1э чъыгым икъутамэ унэм рагъэуцощтыгъэ, е ц1ыфхэр тхьэ зыщелъэ1ущтыгъэ ч1ып1эм мыщ фэдэ чъыг къыщык1ын фаеу щытыгъ. Мы чъыгыр насып чъыгэу,бэгъоныгъо зыпылъ чъыгоу **адыгэмэ алъытэщтыгъэ**,ык1и нахьыжъым тхалъэ1ур къызи1уахэк1э бзыхьаф зэфэшъхьафхэр палъэщтыгъэх, тхьэ елъэ1ущтыгъэх.

-Зимафэ мэфишъэ хъунэу, **адыгълъэпкъ**. Зи илъэс илъэсминэу бэгъоных. Зылъапсэ пытэу, зижь 1умафэу, мафэ нэфхэр къызфэк1онэу, **адыгэлъэпкъ**. Шъуиуашъо къаргъоу, шъуч1ылъэ шхъуант1эу былымыр шъуихъоеу, щы1эк1э тхъагъор шъуи1э зэпытэу,шъугук1э шъузыфаем, шъу1эк1э шъулъы1эс зэпытэу,тхьэм шъущегъа1.

*А мафэма дыгэмэ я1анэ щэламэмрэ бахъсымэмрэ ателъын фаеу алъытэщтыгъэ.*

Мы хьалыжъо хъураер тыгъэм фэдэшъ, тыгъэм инэбзыйхэр пстэуми анэсынэу, Тхьашхоу тыкъэзыгъэхъугъэм телъэ1у!

***Слайд.***

Щэпсэух дунаим **адыгэ лъэпкъхэр**,

Дахэшъы дахэ ягугъэ нэпкъхэр

Тыгъэм к1эгуш1ух

Ощх дахи паплъэх,

Яхьэсэ ш1агъи ч1ылъэм щышъхьалъэ.

Ц1ыфыр къафэхъумэ, гуш1уагъэм пае

Шхончк1э ошъогум – огум дэуаех.

-Адыгэмэ я Илъэсык1эу къэблагъэрэмк1э сыщъуфэлъа1о:

Илъэсык1э мафэ зэк1эми къытфак!у.
Узи. Бзаджи тимы1эу, тхьам тыщегъа1.
Насыпыр тиунэмэ арымык1эу тэрэпсэу.
Гъэбэжъу илъэс къытфэрэс.
Дунаир мамырэу ренэу щэрэт!
Гук1э тызк1эхъопсырм тылъы1эсэу, тытхъэжьэу тыщэрэ1.

Тэ тиеджак1омэ агъэхьазырыгъэм шъуезгъэплъынэу сыфай.